

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA
AK JEWOGRAFI MONN LAN II

Mèkredi, 18 jen, 2025 — 9:15 a.m. rive 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou a sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou a. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou a.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II ak III.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen de seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen de dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou a pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

Pati III a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou senk dokiman. Ekri repons ou a pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo yon fason ilegal anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA A.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

. . .Pandan sèt syèk, depi fen 12yèm syèk la jiska 1868, Japon te dirije pa yon elit vanyan gèrye. Pandan plis pase de syèk, ki te kòmanse nan ane 1630 yo, gouvènman fewodal ki te baze nan Edo (Tokyo jodi a) te aplike yon politik strik “peyi fèmen” (*sakoku*) ki te entèdi Japonè yo kite peyi a ak etranje yo antre.

Pandan Ewòp ak Etazini te fè eksperyans revolisyon syantifik ak endistriyèl ansanm ak revolisyon politik, epi yo te adopte politik ekspansyonis, Japon te fèmen tèt li—li te anbrase izòlman epi, omwen nan nivo ofisyèl yo, li te venere [respekte] tradisyon.

Vil yo te grandi, komès la te pwospere, epi alfabetizasyon te vin toupatou pandan long peryòd izolasyon sa a. Lapè ak pwosperite relatif te kreye kilti popilè vibran ke nou ka toujou vizyalize klèman jodi a atravè estamp tradisyonèl an bwa (ki te parèt pou premye fwa nan 17yèm syèk la) Menm lè sa, nan mitan ane 1800 yo, Japon te yon ti sosyete ki fèmen sou tèt li, ki pa gen anpil resous, e ki fondamantalman agrikòl. Menm nan kontèks Azi a sèlman, li te sanble l te piti an konparezon ak Lachin nan tout sans—istorikman, kiltirèlman, fizikman, ak nan nenpòt echèl resous imen ak natirèl ou ka imajine. . . .

Sous: John W. Dower, “Throwing Off Asia I” (Debarase de Lazi I), Massachusetts Institute of Technology (Enstiti Teknoloji Massachusetts), 2008

- | | |
|---|--|
| <p>1 Kiyès nan deklarasyon sa yo pasaj sa a sipòte pi byen?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Japon te defye Lachin pou sipremasi an Azi.(2) Japon te konte sou resous natirèl pou kwasans endistriyèl li.(3) Japon te fè gwo pwogrès endistriyèl ak teritoryal ki te rivalize ak gwo pisans yo nan monn nan.(4) Japon te fè eksperyans yon peryòd devlopman kiltirèl malgre izolman li. | <p>2 Pasaj sa a dekri pi byen ki devlopman nan istwa Japonè?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) rèy lame japonè nan peryòd edo a (Tokugawa Shogunate)(2) arive gran chèf Matthew Perry(3) restorasyon Meiji a(4) aneksyon Kore a |
|---|--|

Sèvi ak dokiman ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

- . . 9. Piske tout moun konsidere inosan jiskaske yo deklare yo koupab, si arestasyon konsidere kòm endispansab, lalwa ap reprimande seryezman tout fòm sevè ki pa esansyèl pou sekirize moun prizonye a.

10. Pèsonn pa dwe twouble [opprime] akòz opinyon li yo, sa gen ladan l opinyon relijye li yo, depi manifestasyon [montre] yo pa twouble lòd piblik lalwa etabli a.

11. Kominikasyon lib ide ak opinyon se youn nan dwa moun ki pi presye yo. Se poutèt sa a, chak sitwayen ka pale, ekri, ak enprime lib, men l ap responsab abi libète sa a lalwa defini yo. . . .

Sous: *Declaration of the Rights of Man and of the Citizen (Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen)*, 1789

3 Ki gwoup ki ta gen plis chans pou sipòte ide yo prezante nan dokiman sa a?

- | | |
|---------------|----------------------|
| (1) noblès la | (3) Tyè Eta a |
| (2) klèje a | (4) ofisyèl wayal yo |

4 Ki deklarasyon dokiman sa a sipòte pi byen?

- (1) Moun yo arete yo dwe konsidere kòm koupab jiskaske yo pwouve inosans yo.
- (2) Dwa tout sitwayen yo dwe respekte avèk jistis ak ekite.
- (3) Gouvènman an dwe limite pratik relijye yo.
- (4) Libète lapawòl dwe limite pou byen piblik la.

Sèvi ak kat ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

Amerik Latin: Dat Endepandans Kolonyal yo



Sous: Henry Brun et al., *Global History and Geography* (Istwa ak Jewografi Monn Lan), Amsco, 2004 (adapte)

5 Sitiyasyon yo montre sou kat sa a te plis enfliyans pa

- (1) Revolisyon Fransèz
- (2) Inifikasyon Alman
- (3) Deklarasyon Balfour a
- (4) Trete Vèsay

6 Ki deklarasyon konsènan Amerik Latin enfòmasyon ki prezante sou kat sa a pi byen jistifye?

- (1) Peyi Ewopeyen yo te gen kontwòl sou pifò nan rejyon an jiska Premye Gè Mondyal la.
- (2) Pifò mouvman endepandans yo te fèt nan 20yèm syèk la.
- (3) Nasyonalis te vin yon fòs k ap grandi pandan 19yèm syèk la.
- (4) Pifò peyi yo te jwenn endepandans yo anvan Revolisyon Ayisyen an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

Agrikilti te domine ekonomi Britanik la pandan plizyè syèk. Pandan 18tyèm syèk la, apre yon bon bout tan kloti, nouvo sistèm agrikilti te kreye yon revolisyon agrikòl ki te pwodui pi gwo kantite rekòt pou nourri popilasyon k ap ogmante a. Nan kòmansman 19yèm syèk la nan Grann Bretay, tè a te gen gwo siyifikasyon politik ak ekonomik: aristokrasi a ak janti yo te posede anpil nan zòn rural yo, e lokatè yo te fè agrikilti ak elve bèt. Nouvo zouti, angrè ak teknik rekòt yo te prezante, sa a ki te lakòz ogmantasyon pwodiktivite ak pwosperite agrikòl. An reyalye, malgre fenomèn ibanizasyon ak endistriyalizasyon an, agrikilti te rete prensipal founisè travay nan pwovens yo, li te sipòte endistri a epi endistri a te sipòte li tou. Espesyalizasyon jewografik pwodwi yo te etabli, ak sidès Angletè ki te espesyalize nan grenn, pa egzanp, ak Ekòs oswa Leicestershire nan elvaj bèf ak mouton. Lajan papye tankou sa a ki soti Yorkshire oswa Herefordshire montre enpòtans agrikilti a atravè imaj ideyalize nan yon paradi agrikòl.

Sous: "The Industrial Revolution and the Changing Face of Britain" (Revolisyon Endistriyèl la ak Chanjman Vizaj Grann Bretay), Sit Entènèt Mize Britanik la

7 Pasaj sa a ta pi itil pou

- (1) etidye kijan ibanizasyon an te enfluyans politik gouvènman britanik yo
- (2) eksplike benefis ekonomik Revolisyon Agrikòl la nan Grann Bretay
- (3) analize distribisyon resous natirèl yo nan Grann Bretay
- (4) konprann kijan Revolisyon Agrikòl la te mennen nan enperyalis britanik la

8 Ki youn nan fason kiltivatè britanik yo te reponn a chanjman yo dekri nan pasaj sa a?

- (1) Sistèm kloti a te elimine.
- (2) Pwodiktivite agrikòl nan Grann Bretay te diminye.
- (3) Kiltivatè yo te espesyalize selon kote yo te ye.
- (4) Pifò kiltivatè nan pwovens yo te kouri al nan zòn rural yo.

Sèvi ak desen komik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.

Tamiz la se yon riviye ki travèse Lonn.



9 Ki deklarasyon ki pi byen eksplike pwennvi karikatiris la sou kondisyon yo nan Lond pandan peryòd tan sa a?


- (1) Endistriyalizasyon te mennen nan kontaminasyon rezèv dlo yo ak maladi.
- (2) Kwasans faktori yo te kontribye nan move kondisyon travay.
- (3) Ibanizasyon te lakòz yon rate manje ak grangou an mas.
- (4) Legliz la te ofri sipò bay moun ki t ap viv nan povrete nan vil yo.

10 Ki objektif karikatiris la te genyen nan kreye ilustrasyon sa a?

- (1) pou atire moun vin rete nan Lond
- (2) pou ankouraje efò imanitè Rèn Victoria yo
- (3) pou ankouraje gouvènman an fè refòm
- (4) pou sansibilize piblik la sou enpak irigasyon yo

Sèvi ak kat ki pi ba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.

Afrik ak Azi, 1880-1914



Sous: Kevin Reilly, *Worlds of History (Mond Istwa yo)*, Bedford/St. Martin's, 2007 (adapte)

- 11 Dapre kat sa a, ki de peyi ki te pran plis teritwa etranje?

(1) Grann Bretay ak Lafrans

(2) Peyi Ba ak Bèljik

(3) Lèspay ak Pòtigal

(4) Almay ak Itali

12 Sitiyasyon yo montre sou kat sa a te koze an pati pa dezi nasyon Ewopeyen yo pou


(1) enpòte machandiz ki fèt nan faktori

(2) ankouraje imigrasyon nan peyi yo

(3) etabli gouvènman demokratik atravè lemonn

(4) jwenn matyè premyè pou endistri yo
- Global Hist. & Geo. II – June '25 Haitian Creole Edition
- [7]
- [KONTINYE]

Sèvi ak imaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 ak 14.



Sous: Philip Dorf, *Visualized World History (Istwa Mondyal Vizyalize)*,
Oxford, 1948 (adapte)

13 Deklen ki anpi yo montre nan ilustrasyon sa a?

- (1) Anpi Mughal
- (2) Anpi Otoman
- (3) Anpi Otrich Ongri
- (4) Anpi Britanik

14 Kondisyon yo montre nan ilustrasyon sa a te jwe yon gwo wòl nan pwovoke

- (1) inifikasyon Itali
- (2) Premyè Gè Mondyal kòmanse
- (3) Konferans Potsdam
- (4) siyati Pak Vasovi

Sèvi ak atik ki anba ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16.

Tik yo Akize tankou yo planifye pou ekstèmine tout popilasyon an—Moun Karahissar yo Masakre.

Lonn, mèkredi 18 out.—Daily News la resevwa nan men Aneurin Williams, M.P. [Manm Palman], yon kopi yon lèt ki soti Konstantinòp, ki date 13 jiyè, ki dekri sitiyasyon terib Amenyen yo nan Tiki. Lèt la di:

“Nou konnen kounye a ak sètitud nan yon sous serye ke Amenyen yo te depòte an mas soti nan tout vil ak vilaj nan Silisi nan rejyon dezè yo nan sid Alepp. Refijye yo pral oblije travèse [mache] a pye yon distans, ki mande mache ki soti nan youn a de oswa menm plis mwa. . . .

Sous: "Armenians Are Sent to Perish in Desert" (Yo Voye Amenyen Yo Peri Nan Dezè a),
New York Times, 18 out 1915

- | | |
|---|--|
| <p>15 Ki gwoup ki te fè fas ak tretman ki pi sanble ak gwoup yo adrese nan atik sa a?</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) Premye Eta a nan Lafrans anvan revolisyon an (2) Fransè an Ayiti (3) Endyen yo anba Raj Britanik la (4) Jwif yo Nan Almay Nazi | <p>16 Yon istoryen ta jwenn atik sa a pi itil pou</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) idantifye kòz ensidan an (2) fè rechèch sou jewografi Latiki (3) sipòte deklarasyon ki di yon jenosid te fèt (4) detèmine kantite moun ensidan an te afekte |
|---|--|

Sèvi ak diskou anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 ak 18.

. . .Travayè, peyizan, sòlda, jèn, elèv lekòl!

Konpatriyòt yo oprime ak eksplwate yo!

Pati Kominis Endochinwa a te fonde. Se Pati klas travayè a. Li pral ede pwoletarya a dirije revolisyon an ki fèt pou tout moun yo oprime ak eksplwate yo. Depi kounye a, nou dwe antre nan Pati a, ede li epi suiv li pou nou aplike slogan sa yo:

1. Pou ranvèse enperyalis fransè ak feyodalis vyetnamyen an ak boujwazi reyaksyonè a;
2. Pou fè Endochin vin konplètman endepandan;
3. Pou etabli yon gouvènman travayè-peyizan-sòlda;
4. Pou konfiske bank yo ak lòt antrepriz ki fè pati enperyalis yo epi mete yo anba kontwòl gouvènman travayè-peyizan-sòlda a;
5. Pou konfiske tout plantasyon ak pwopriyete ki fè pati enperyalis yo ak boujwazi reyaksyonè Vyetnamyen an epi distribye yo bay peyizan pòv yo; . . .
8. Pou pote libète demokratik bay mas yo;
9. Pou distribye edikasyon bay tout pèp la; . . .

Sous: Speech by (Diskou) Ho Chi Minh, 18 fevriye 1930

17 Ki deklarasyon ki pi byen sipòte pa prèv ki nan diskou sa a?

- (1) Anba kontwòl franse a, ekonomi vyetnamyen an te grandi.
- (2) Fransè yo te etabli sistèm edikasyon nan tout Endochin.
- (3) Ho Chi Minh te jwenn sipò oksidantal pou yon repiblik demokratik nan Vyetnam.
- (4) Ho Chi Minh te gen entansyon rebran sa franse yo te pran nan men pèp li a.

18 Ki deklarasyon ki pi byen dekri objektif otè a nan bay diskou sa a?

- (1) pou eksplike poukisa li ap sipòte Revolisyon Kominis la nan Larisi
- (2) pou mande endepandans nan men franse yo
- (3) pou eksplike objektif yon mouvman nasyonalis Vyetnamyen
- (4) pou mande sipò entènasyonal pou revolisyon li a

Sèvi ak pasaj yo ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 ak 20.

. . .Lè sa a, yon gwo flach limyè te travèse syèl la. Mesye Tanimoto gen yon memwa klè ke li te vwayaje soti lès al lwès, soti nan vil la nan direksyon mòn yo. Li te sanble yon fèy solèy. Toulède, li menm ak Mesye Matsuo te reyaji ak laterè—epi tou de te gen tan pou reyaji (paske yo te 3,500 yad, oswa de mil, soti nan sant eksplozyon an). Mesye Matsuo te kouri monte mach eskalye devan yo nan kay la epi li te plonje nan mitan woulo kabann yo epi li te antere tèt li la. Mesye Tanimoto te fè kat oswa senk pa epi li te plonje tèt li ant de gwo wòch nan jaden an. Li te kole vant li byen fò sou youn nan yo. Piske figi l te kont wòch la, li pa t wè sa k te sa a. Li te santi yon presyon sibit, epi apre sa a, ti moso bwa ak moso planch ak fragman mozayik te tonbe sou li. Li pa t tandè okenn gwondman. (Prèske pèsoun nan Hiroshima pa sonje yo te tandè okenn bri bonm nan. Men yon pechè nan sanpan li [bato] sou Lanmè Enteryè toupri Tsuzu, nonm bèlmè Mesye Tanimoto ak bèlsè li yo te rete, te wè flach la epi li te tandè yon eksplozyon tèrib, li te prèske ven mil soti nan Hiroshima, men loraj la te pi fò pase lè B-29 yo te frape Iwakuni, sèlman senk mil (mile) distans). . . .

Sous: John Hersey, *Hiroshima*, Alfred A. Knopf, 1946

- | | |
|--|---|
| <p>19 Kijan yon istòriyen ta ka pi byen itilize pasaj sa a?</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) pou konprann kijan bonm atomik la te afekte sivil yo (2) pou mennen ankèt sou rezon ki fè militè a te lage bonm atomik la (3) pou ilistre kijan efò lagè a te afekte pa bonm atomik la (4) pou montre kijan bonm atomik la te chanje politik gouvènman an | <p>20 Evènman yo dekri nan pasaj la te mennen nan</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) kreyasyon zòn enfliyans nan Lachin (2) Jou J Debakman nan Nòmandi (3) kaptilasyon japonè yo nan Dezyèm Gè Mondyal la (4) efondreman Inyon Sovyetik |
|--|---|

Sèvi ak atik ki anba ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22.

Nan lavèy Nwèl 1979, Inyon Sovyetik la te anwayi Afganistan pou sove yon gouvènman ki te panche pou Kominis ki te anba atak rebèl Islamik yo. Rebèl sa yo te konnen kòm moujahedin, oswa “vanyan gèye sen.” Pou fè lènmi li nan Lagèfwad la mal, Etazini te kòmanse ame moujahedin yo nan ane 1980 yo. Sa a te ede rebèl yo asire yon sitiyasyon blokis kont lame Sovyetik la, ki finalman te retire twoup li yo nan lane 1989. Lè Inyon Sovyetik yo te kraze, fraksyon moujahedin yo te goumen youn ak lòt. Nan lane 1996, Taliban yo, yon gwoup islamis radikal, te kontwole peyi a. . . .

Sous: *New York Times* Andirèk, 11 desanm 2017

- | | |
|--|--|
| <p>21 Ki deklarasyon ki pi byen sipòte pa prèv ki enkli nan atik sa a?</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) Etazini te eseye elimine moujahedin yo nan ane 1980 yo. (2) Envazyon Afganistan an te asire enfliyans sovyetik la nan rejyon an. (3) Moujahedin yo te sipòte gouvènman ki pwòch kominis lan nan Afganistan. (4) Konfli Lagèfwad yo nan Afganistan te kontribye nan ogmantasyon Taliban yo. | <p>22 Aksyon Ameriken yo dekri nan atik sa a se yon egzanp ki politik?</p> <div style="display: flex; justify-content: space-between;"> <div style="width: 48%;"> <ol style="list-style-type: none"> (1) perestwoika (2) konfinman </div> <div style="width: 48%;"> <ol style="list-style-type: none"> (3) globalizasyon (4) kolektivizasyon </div> </div> |
|--|--|

Sèvi ak diskou anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.


. . .Pwosesis renove peyi a ak chanjman radikal nan kominote mondyal la te vin pi konplike pase sa yo te ka espere. Sepandan, yo dwe jwenn sa yo merite pou sa yo te fè a. Sosyete sa a te akèri libète, li te libere tèt li politikman ak esprityèlman, e sa a se reyalizasyon prensipal la ke nou poko konprann nèt, paske nou poko aprann sèvi ak libète.

Sepandan, travay ki gen siyifikasyon istorik te akonpli. Sistèm totalitè a ki te anpeche peyi a gen opòtinite pou l vin fè siksè ak pwospere depi lontan te elimine. Yon avansman enpòtan te reyalize sou wout chanjman demokratik yo. Eleksyon lib, libète laprès, libète relijye, ògàn pouvwa reprezantatif, yon sistèm miltipati te vin yon reyalitye, dwa moun yo rekonèt kòm prensip siprèm lan. . . .

Sous: Mikhail Gorbachev's resignation speech (Diskou demisyon Mikhail Gorbachev), 25 desanm 1991

- | | | |
|--|---|---|
| 23 Politik Mikhail Gorbachev dekri nan diskou sa a fè referans a | : | 24 Diskou sa a pi pre asosye ak fen ki konfli entènasyonal? |
| (1) pwoliferasyon nikleyè | : | (1) Lagè Vyetnam |
| (2) glasnost | : | (2) Gè Kore a |
| (3) detant | : | (3) lagèfwad |
| (4) non-aliyman | : | (4) Gè Gòlf Pèsik la |
-

Sèvi ak enfografi ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 25.



Sous: *Newsweek*, 18 oktòb 2010 (adapte)

25 Dapre enfografi sa a, ki rejyon ki ap fè eksperyans pi gwo mank dlo dous?

- | | |
|-------------------|-------------------|
| (1) Ewop de Lès | (3) Amerik di Sid |
| (2) Asi di Sidwès | (4) Ostrali |

Sèvi ak tablo kwonoloji ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 26.

Kwonoloji Moman Kle nan Istwa Nasyonzini yo

1948	Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun
1956	Premye fòs mentyen lapè konplè deplwaye
1961	Pwogram Alimantè Mondyal etabli
1965	UNICEF ranpòte Pri Nobèl Lapè a
1968	Trete lit kont pwopagasyon Zam Nikleyè yo
1975	Ane Entènasyonal Fanm yo
1978	UNESCO deziyen 12 sit inisyal pou pwoteksyon
1997	Pwotokòl Kyoto
2001	Deklarasyon Angajman sou VIH/SIDA
2014	Premye Misyon Ijans Sante Nasyonzini

Sous: Sarah Pruitt, "10 Memorable Moments in United Nations History"
(10 Moman Memorab nan Istwa Nasyonzini),
The History Channel Online, 2015 (adapte)

26 Kwonoloji sa a ta pi itil pou yon moun k ap eseye pwouve

- (1) kijan travay Nasyonzini yo efikas nan trete epidemi maladi ki eklate atravè le tan
 - (2) nan ki nivo Nasyonzini yo te kapab ankouraje dwa fanm yo nan rejyon devlope yo
 - (3) nan ki pwen politik anviwònman an te jwenn sipò nan men eta manm Nasyonzini yo
 - (4) etandi efò Nasyonzini yo nan kenbe lapè ak bay èd imanità
-

Sèvi ak atik ki anba ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.

. . .Opozan li yo [Mesye Erdogan] pè ke re eleksyon li nan yon prezidans ki fèk gen plis pouvwa apre chanjman konstitisyonèl ane pase a ap bay Mesye Erdogan prèske otorite san limit pou pouse ajanda li a pi lwen epi chanje sosyete Tiki a fondamantalman. . . .

Mesye Erdogan pa fè okenn sekre sou dezi li genyen pou l refòme Tiki a nan pwòp imaj pa l, yon imaj ki rivalize eritaj Mustafa Kemal Atatürk, fondatè repiblik la ak premye prezidan li.

Vizyon yo pou Tiki pa t ka pi diferan. Atatürk te yon nasyonalis ak layik ki gen sansibilite ki pèse [pwopaje] nan tout kilti Tik la. Mesye Erdogan se yon Islamis ki soti nan klas travayè konsèvatif ak relijye ki te pi resanti layisite oksidan an.

Menm lè li te premye minis, sa a gen sis ane, Mesye Erdogan te deklare dezi li pou “leve yon jenerasyon pye.” . . .

Sous: Carlotta Gall, “Erdogan’s Plan to Raise a ‘Pious Generation’ Divides Parents in Turkey” (Plan Erdogan pou ogmante yon ‘Jenerasyon Pye’ divize paran yo nan Tiki), *New York Times*, 18 jen 2018

27 Ki pwoblèm santral ki dekri nan atik sa a?

- (1) konfli sou idantite kiltirèl Tiki a
- (2) batay ant Kemal Atatürk ak Prezidan Erdogan nan Tiki
- (3) adopte refòm agresif pou restore enstitisyon demokratik yo an Tiki
- (4) represyon manifestasyon pa twoup tiki yo

28 Ki evènman ki te mennen nan chanjman ki sanble ak sa yo ki dekri nan atik sa a?

- (1) sezi Kanal Suez la pa Gamal Nasser
- (2) revolisyon Islamik 1979 la nan Iran
- (3) efondreman Anpi Otrich la
- (4) divizyon End an 1948

Ekri repons ou pou kesyon 29–34b nan espas yo ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonsse pou reponn kesyon sa yo.

Pati II

KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsewa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak Seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di mete yon non ak oswa bay yon non.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon ak yon bagay.

Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 29 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)

Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 32 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
 - Kesyon 33 itilize Dokiman 2 (Sous)
 - Kesyon 34a ak 34b sèvi ak Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)
-

Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29–31): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

Dokiman 1

. . . Ann Ewòp, swaf tè Afriken an te vin prèske palpab [klèman santi]. Te gen kèk reklamasyon kontradiktwa pou rezoud, epi li te klè ke kèk règ debaz te nesesè pou plis divizyon gato Afriken an. Bismarck te ofri pou l òganize yon konferans diplomatik nan Bèlen pou diskite kèk nan pwoblèm sa yo. Pou Leopold, konferans lan te yon lòt opòtinite pou pi sere kontwòl li sou Kongo a.

Nan dat 15 novanm 1884, reprezantan pouvwa Ewòp yo te reyini bò yon gwo tab ki gen fòm chwal, ki te bay sou jaden rezidans ofisyèl Bismarck la ki te fèt ak briq jòn, sou Wilhelmstrasse. Minis yo ak plenipotansyè yo [diplomat] nan rad fòmèl ki te pran plas yo anba plafon vout chanm nan ak chandelye briyan an te gen ladan yo konte, bawon, kolonèl, ak yon vizi [minis] ki soti nan Anpi Otoman an. Bismarck, ki te mete rad tribinal wouj vif, te akeyi yo an franse, lang diplomatik *lingua franca*,* a, epi chita devan yon gwo kat Afrik, delege yo te kòmanse travay. . . .

Sous: Adam Hochschild, *King Leopold's Ghost (Fantòm Wa Leopold la)*, Mariner Books, 1999

* *lingua franca*—itilize pami yon gwoup moun kòm yon lang pataje oswa komen

Kontèks Jewografik—fè referans a kote devlopman/evènman istorik sa a ap dewoule ak poukisa l ap dewoule la a.

29 Eksplike kontèks jewografik pou devlopman istorik ki dekri nan pasaj sa a. [1]

Score

Sèvi ak dokiman 2 ki anba a ak konesans nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 la.

Dokiman 2

Patrice Lumumba te yon lidè nasyonalis epi li te vin premye premye minis yon Kongo endepandan. Nan Jou Endepandans Kongo a (30 jen 1960), Lumumba te bay diskou sa a nan Palè Nasyon an nan Leopoldville. Nan odyans lan te gen politisyen kongolè ki te apèn eli, ofisyèl bèlj, kò diplomatik entènasyonal la, ak laprès nasyonal ak etranje.

Gason ak fanm nan Kongo yo,

Konbatan endepandans ki te pote laviktwa yo,

Mwen salye nou nan non Gouvènman Kongolè a. . . .

Malgre endepandans Kongo sa a ap pwoklame jodi a pa akò ak Bèljik, yon peyi amikal [sivil], ak ki nou egal, okenn Kongolè pap janm bliye ke endepandans lan te genyen nan lit, yon lit pèseveran ak enspire ki te mennen jou apre jou, yon lit, kote nou pa t pè ni mizè [povrete] ni soufrans e nou pa t kenbe [ralanti] ni fòs ni san.

Li te plen ak dlo nan je, dife ak san. Nou trè fyè de lit nou an, paske li te jis e nòb epi li te endispansab nan mete fen nan esklavaj imilyan yo te fòse nou sibi.

Sa te sò nou pandan katreven ane règ kolonyal la epi blesi nou yo twò fre e twò douloure pou nou bliye yo.

Nou te fè eksperyans travay fòse an echanj pou yon salè ki pa t pèmèt nou satisfè grangou nou, abiye tèt nou, gen lojman desan oswa leve pitit nou yo kòm moun nou renmen anpil.

Maten, midi ak aswè, yo te sibi mokri, jouman ak kou paske nou te “Nèg”. Ki moun ki ka janm bliye ke yo te adrese nwa a ak “tu”, pa paske li te yon zanmi, men paske “vous” politès la te rezève pou blan an?

Nou te wè tèt nou yo sezi nan non lwa swadizan [sipoze] jis, ki te rekonèt sèlman dwa ki pi fò a.

Nou pa bliye ke lalwa pa t janm menm bagay pou blan yo ak nwa yo, ke li te endijan anvè yon gwoup, epi mechan ak inimen anvè lòt yo.

Nou te fè eksperyans soufrans terib yo, yo te pèsekite nou akòz konviksyon politik ak kwayans relijye, epi yo te egzile nou nan peyi nou an: sò nou te pi mal pase lanmò menm. . . .

Sous: Patrice Lumumba, speech at the ceremony of the proclamation of the Congo's independence (diskou nan seremoni pwoklamasyon endepandans Kongo a), 30 jen 1960

30 Sou baz pasaj sa a, eksplike kijan odyans lan afekte sa a Lumumba mete nan diskou li a. [1]

Score

Sèvi ak prèv ki soti nan **ni** nan Dokiman 1 ni nan 2 yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

Kòz— vle di yon bagay ki kontribye nan aparisyon yon evènman, emèjans yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.

Efè— vle di sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

- 31 Idantifye **epi** eksplike relasyon kòz ak efè ant evènman yo ak/oswa lide yo ke yo jwenn nan dokiman sa yo. Asire w ou itilize prèv pou Dokiman 1 **ak** 2 nan repons ou a. [1]

Score

Enstriksyon yo pou Seri 2 KPK (32–34b): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Baze repons ou pou kesyon 32 la sou Dokiman 1 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Dokiman 1

. . .Lòt defèt imilyan te swiv nan sa a yon istoryen rele 'syèk trete' Lachin nan (pi gwo aspè nan sa yo rele 'trete inegal' yo pa t ofisyèlman anile jiska 1943). An 1843, Lafrans ak Etazini, ak Larisi an 1858, te negosye trete ki sanble ak Trete Nanking (Nanjing) Angletè a, ki gen ladan yon dispozisyon pou iminite diplomatik, kote sitwayen etranje nan Lachin te pwoteje kont lalwa Chinwa. Pou fòse yon Lachin ki te retisan pou l chanje relasyon etranje tradisyonèl li ki te baze sou tribi* yo pou l antre nan relasyon trete, Ewopeyen yo te fè yon dezyèm lagè ak Lachin soti 1858 rive 1860, epi Trete Tientsin (Tianjin) ak Konvansyon Peking (Beijing) ki te konkli lagè a te ogmante estati semikolonyal Lachin nan. Plis pò te ouvè pou rezidans ak komès etranje, epi etranje, espesyalman misyonè yo, te gen libète mouvman ak biznis nenpòt kote nan peyi a. . . .

Sous: Doktè Sue Gronewold, "The Opium War and Foreign Encroachment" (Lagè Opyòm lan ak Anpiyètman Etranje yo), Asia for Educators, Columbia University

* Kado yo bay kòm yon siy respè ak obeyisans.

32 Eksplike sikonstans istorik ki te mennen nan syèk “trete inegal” Lachin nan. [1]

Score

Sèvi ak dokiman 2 ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 33 a.

Dokiman 2

. . . Pandan ke Etazini se kounye a pi gwo ekonomi nan monn nan, an tèm pouvwa acha, Lachin espere depase li an 2016, dapre Fon Monetè Entènasyonal la. Lachin te benefisye anpil de globalizasyon. Pandan plizyè deseni, li te envesti nan amelyore kapasite li yo epi li te bati lyen ekonomik ak anpil peyi. Li te vin konsidere kòm yon patnè ak envestisè enpòtan aletranje. . . .

Yon bagay Lachin konprann trè byen se enpòtans koneksyon—e donk enfrastrikti transpò—pou kwasans ak devlopman ekonomik. Kad devlopman prensipal li a se inisyativ Yon Senti Yon Wout la ak de poto li yo, Senti Ekonomik Wout Swa a ak Wout Swa Maritim 21yèm Syèk la. Pwojè devlopman sa a enplike yon teritwa ki egal a 55% nan PIB mondyal la, 70% nan popilasyon mondyal la ak 75% nan rezèv enèji li yo konnen. Reuters rapòte, “envestisman yo pral enplike anviwon 300 pwojè ki pwolonje soti nan Singapore rive nan Turkmenistan.”

Yon eleman fondamantal nan Yon Senti Yon Wout—ke yo rele tou OBOR—se Patenarya Ekonomik Rejyonal Konplè a (RCEP). Alyans sa a Lachin dirije a ap gen ladan l Ostrali, Nouvèl Zelann, Lachin, Lend, Japon ak Kore di Sid—ansanm ak rejyon ASEAN [Asosyasyon Nasyon Azi Sidès yo]. An 2014, ASEAN te setyèm pi gwo pouvwa ekonomik nan monn nan. Li te tou twazyèm pi gwo ekonomi nan Azi, ak yon PIB konbine de 2.6 milya dola ameriken—pi wo pase tout peyi Lend. . . .

Sous: Wolfgang Lehmacher, “Why China Could Lead the Next Phase of Globalization” (Poukisa Lachin ta ka Dirije Pwochen Faz Globalizasyon an), World Economic Forum, 22 novanm 2016

33 Sou baz dokiman sa a, idantifye pwennvi otè a konsènan ekonomi Lachin nan pandan 21yèm syèk la. [1]

Score

Sèvi ak **ni** Dokiman 1 an ni ak 2 a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 34a ak 34b.

Resanblans—di kijan yon bagay sanble oswa menm jan ak yon lòt bagay.

Diferans—di fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.

34a–34b Itilize prèv pou Dokiman 1 **ak** Dokiman 2 a ak konesans ou nan syans sosyal:

- a) Idantifye yon resanblans **oswa** yon diferans nan wòl Lachin nan ekonomi mondyal la. [1]
- b) Esplike resanblans **oswa** diferans ou idantifye lè w itilize prèv ki soti nan toulède dokiman yo. [1]

34a Score

34b Score

Pati III

(Kesyon 35)

REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Enstriksyon: Li ak analize chak nan senk dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf, ak yon konklizyon. Sèvi ak konesans ou nan syans sosyal ak prèw ki soti nan dokiman yo pou kore repons ou avèk reyalyte, egzantp ak detay enpòtan.

Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante rezoud ak divès degre siksè.

Sa pou w fè:

- Idantifye **epi** eksplike yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo soulve
- Sèvi ak konesans ou nan syans sosyal ak prèw ou jwenn nan dokiman yo pou agimante poukisa pwoblèm ou chwazi a enpòtan **epi** kijan li te pèsiste atravè epòk yo

Nan redaksyon w, asire w

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzakt sou *omwen twa* dokiman pou idantifye pwoblèm pèsistan an
- Sèvi ak prèw ki soti nan *omwen twa* dokiman pou eksplike pwoblèm nan
- Bay agimante pou montre sa se yon gwo pwoblèm ki te pèsiste lè w montre:
 - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
 - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfòmasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan konesans ou nan syans sosyal

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di mete yon non ak oswa bay yon non.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon ak yon bagay.

Agimante—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèw ak rezon yo pou kore yon konklizyon.

Dokiman 1

. . . Nan tout vil atravè Larisi, lapolis te arete nenpòt moun yo sispèk ki te fè krim kont tsar la, yo te mete 38,000 moun yo te rele politik nan prizon oswa egzile yo, epi yo te egzekite 5,000 lòt. Travayè ki te pale ouvètmann yo te pèdi travay yo, patwon yo te menase ak prizon si yo te eseye anboche yo ankò. Menm timoun yo pa t chape anba laterè Nicholas. Lapolis te konn arete timoun travayè yo regilyèman epi bat yo jis pou “ba yo yon leson”.

Bagay yo te pi mal nan zòn riral yo. Nicholas te otorize sa yo te rele Ekspedisyon Pinisyon yo, detachman sòlda solid ak byen antrene ki te retabli lòd nan fason ki pi brutal posib. Lè yo te anvayi yon vil oswa yon vilaj, sòlda sa yo te touye sitwayen yo owaza, yo te boule tout kominote san pitye, epi yo te kite moun blese, san kay, ak grangou. “Pa ekonomize bal yo” se lòd yo te resevwa. E yo pa t fè sa a. . . .

Tèt bese, travayè yo te retounen nan faktori yo, peyizan yo nan vilaj yo. Se ak sab ak fwèt, yo retabli lòd. Klas enferyè yo pa t aji ankò, yon nòb te raple, men “koutwazi yo, amitye yo, banbòch yo [te ranplase pa] animosite [ak] malediksyon.” Se sèlman laperèz ki te kenbe pèp la nan plas yo kounye a. . . .

Sous: Candace Fleming, *The Family Romanov (Lafanmi Romanov)*, Schwartz & Wade Books, 2014

Dokiman 2

. . .Li enpòtan pou nou sonje nan ki pwen ekstrèm libète sivil yo te detwi pandan Nazi yo te pran pouvwa a. Nan Twazyèm Reich la, li te ilegal pou fè pati nenpòt gwoup politik apa de Pati Nazi a oswa tout bon nenpòt òganizasyon ki pa Nazi kèlkeswa jan li ye, apa de Legliz yo (ak òganizasyon layik [sivil] adisyonèl yo) ak lame a; li te ilegal pou rakonte blag sou Hitler; li te ilegal pou pwopaje rimè sou gouvènman an; li te ilegal pou diskite sou altènativ a sitiyaasyon politik aktyèl la. Dekrè Ponpye Reichstag la nan dat 28 fevriye 1933 te fè li legal pou lapolis louvri lèt ak koute telefòn, epi pou yo detni moun endefiniman epi san yon lòd tribinal nan sa yo rele 'detansyon pwotektif'. Menm dekrè sa a te aboli tou kloz yo nan Konstitisyon Weimar la ki te garanti libète laprès, libète reyinyon, libète asosyasyon ak libète ekspresyon. Lwa Otorizasyon an te pèmèt Chanselye Reich la ak kabinè li a pwomilge [deklarare] lwa ki vyole Konstitisyon Weimar la, san yo pa bezwen apwobasyon lejislati a oswa Prezidan eli a. Dwa apèl jidisyèl a te efektivman aboli pou ofans yo te trete pa Tribinal Espesyal yo ak Tribinal Pèp la. Tout sa te vle di ke yon gwo kantite delenkan te voye nan prizon pou ofans politik ak ofans kriminel òdinè. Nan lane 1937, tribinal yo te pase omwen 5,255 kondanasyon pou gwo trayizon. Moun sa yo, si yo te chape anba kondanasyon a mò, yo te mete yo nan yon prizon leta, souvan pou yon peryòd tan ki long. Soti 1932 rive 1937, popilasyon prizon an te ogmante soti 69,000 a 122,000. Nan lane 1935, 23,000 prizonye nan prizon leta ak penitansye yo te klase kòm delenkan politik. Kraze rezistans Kominis ak Sosyal Demokrat yo te asire ke kantite sa yo te tonbe pa plis pase 50 pousan nan kòmansman ane 1939 la; sepandan, yo te toujou pi enpòtan pase kantite delenkan politik yo nan kan yo apre 1937, lè kan yo te elaji ankò; fwa sa a, yo te reyèlman fonksyone prensipalman kòm espas detansyon pou devyan sosyal olye ke politik. . . .

Sous: Richard J. Evans, "Coercion and Consent in Nazi Germany" (Kontrent ak Konsantman nan Almay Nazi a), British Academy, 2007 (adapte)

Dokiman 3

Nan ete 1958, Mao te pouse tout popilasyon riral la nan nouvo gwo inite yo rele “Komin Pèp la.” Objektif la se te pou fè esklavaj la pi efikas. Li menm li te di ke lè yo konsantre peyizan yo nan mwens inite—plis pase 26,000 nan tout Lachin—“li pi fasil pou kontwole.” Premye komin nan, “Chayashan Sputnik,” te mete kanpe nan pwovens modèl li a, Henan. Konstitisyon li a, ke Mao te modifiye, epi li te prezante kòm “yon gwo trezò,” te presize ke tout aspè nan lavi manm li yo dwe kontwole pa komin nan. Tout 9,369 kay yo te oblije “remèt nèt teren prive yo. . . kay yo, bèt yo ak pye bwa yo”. Yo te oblije viv nan dètwa, “ann akò ak prensip benefisye pwodiksyon ak kontwòl”; epi konstitisyon an te prevwa reyèlman ke kay yo dwe “demontré” “si komin nan bezwen brik, mozayik oswa bwa”. Lavi chak peyizan dwe santre sou “travay”. Tout manm yo te dwe trete tankou yo te nan lame a, ak yon sistèm rejiman twa nivo: komin, brigad, ekip pwodiksyon (anjeneral yon vilaj). Peyizan yo te gen dwa a kantite lajan neglijab [ensiyifyan]. Komin yo te de fakto [an reyèlman] kan pou esklav-travayè. . . .

Jan sa a te apwopriye pou kilti kan travay la, prizon yo te oblije manje nan kantin. Peyizan yo pa t sèlman entèdi manje lakay yo, yo te kraze fou yo ak recho yo tou. Kontwòl total sou manje te bay leta yon zam tèrrib, epi refize bay manje te vin yon fòm komen pinisyon “lejè”, ofisyèl lokal yo te kapab itilize kont nenpòt moun yo te vle. . . .

Sous: Chang ak Halliday, *Mao: The Unknown Story (Istwa Enkonikasyon)*, Anchor Books, 2006

Dokiman 4

Nan dat 21 mas 1960, ofisyè lapolis nan vil Nwa Sharpeville, Afrik di Sid, te louvri kout bal sou yon gwoup moun ki t ap pwoteste pasifikman kont vòt lwa represif yo, e yo te touye 69 moun.



Sous: Peter Magubane, 1960

Dokiman 5

Youn nan pi move moman yo se te mwa jèn Ramadan an nan ane 2008. Pandan Ramadan, okenn manje oswa bwason pa dwe pase nan bouch yon Mizilman pandan lè lajounen. Taliban yo te bonbade estasyon elektrik la, donk nou pa t gen kouran, epi kèk jou apre yo te eksploze tiyo gaz la, donk nou pa t gen gaz tou. Pri bonbòn gaz nou te konn achte nan mache a double, donk manman m te oblije kwit manje sou dife tankou nou te konn fè nan vilaj la. Li pa t plenyen—manje te bezwen kwit epi li te kwit li, e te gen lòt ki te pi mal pase nou. Men pa te gen dlo pwòp epi moun te kòmanse mouri ak kolera. Lopital la pa t kapab fè fas ak tout pasyan yo epi yo te oblije monte gwo tant deyò pou trete moun yo.

Malgre nou pa t gen dèlko lakay nou, papa m te achte youn pou l enstale nan lekòl la, epi yo te ponpe dlo fre soti nan yon twou dlo, kote tout timoun nan katye a te ale pran dlo. Chak jou te gen liy moun ki t ap tann pou ranpli krich, boutèy ak tanbou. Youn nan vwazen yo te pè. Li te mande “Kisa w ap fè?”. “Si Taliban yo aprann ou ap bay dlo nan mwa Ramadan an, yo pral bonbade nou!”

Papa m te reponn ke moun yo t ap mouri swa akòz swaf swa akòz bonbadman. . . .

Sous: Yousafzai ak Lamb, *I Am Malala (Mwen Se Malala)*, Little, Brown and Company, 2013

Se nou ki deside kite paj sa a vid.

PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon an pou planifye repons ou si ou swete sa, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Pwoblèm Pèsistan Mwen an se: _____

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Ansèkle dokiman ki aplike yo	Youn oswa de lide posib pou enfòmasyon ekstèn
Èske gen <i>omwen twa</i> dokiman ki kore pwoblèm sa a? Ki dokiman yo ki kore pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Ki dokiman yo ki ka itilize pou devlope espikasyon pou pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te afekte siyifikativman moun oswa èske moun te afekte li? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa a?		1 2 3 4 5	

Gade ankò paj **24** pou revize sa a pou fè.

Ekri redaksyon ou sou paj ki gen liy yo nan ti liv redaksyon an.

